



PEMERINTAH PROVINSI JAWA BARAT
DINAS PENDIDIKAN
YAYASAN PUTRA SOLVA UTAMA
SMA IT BAITURROHMAN GARUT



Email dan Fb : sma_it_baiturrohman@yahoo.com | NSS : 32021137054 | NPSN : 69856918
Kp. Solokpandan 01/ 02 Ds. Sirnajaya Kec. Tarogong Kaler Kab. Garut
Prov. Jawa Barat 44151 Kontak. 085 223 262 056

PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER 1
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama:
Kelas: XII

Jenis : PSAS 1
Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

A. Pilihlah salah sahiji jawaban nu beneur jalan nyakra salah sahiji tina burup A,B,C atanapi D!

- Karangan atawa wacana anu eusina ngajentrekeun hiji objek, kumaha prosesna, tujuanna jeung gunana nyaeta
A. karangan narasi
B. karangan eksposisi
C. karangan imajinasi
D. karangan pedaran
E. karangan ilustrasi
Kunci Jawaban: D
- Bakating kubutuh Bi Ijah neangan duit pak pik pek mantuan gawe di Restoran. Nu di cetak miring kaasup kecap....
A. Dwilingga
B. Trilingga
C. Dwipurwa
D. Dwireka
E. Dwisasana
- Tradisi Tingkeban biasana dilaksanakeun waktu kandungan hiji awéwé nincak umur A. genep bulan
B. tujuh bulan
C. dalapan bulan
D. salapan bulan
E. tilu bulan
- Adat kabiasaan atawa tali paranti anu turun tumurun ti karuhun anu masih dilaksanakeun dina pakumbuhan masarakat disebutna
A. Folklor
B. budaya
C. tradisi
D. etika
E. tatkrama
- Baca sampalan sajak ieu di handap! Saha nu bisa mareuman seuneu Bandung geni sakti di dapur Cikapundung najan laut kidul ngolétrak dipaké nyiram Kecap “seuneu” dina sampalan sajak di luhur, sarua hartina jeung kecap....
A. Nafsu
B. Kaasih
C. Wanian
D. Sumangeut
E. Leleus
- Wangun atawa bentuk tulisan bahasan / pedaran dina wacana bahasan nyaeta, iwal
A. argumentasi
B. deskripsi
C. narasi
D. eksposisi
E. persuasi
- Katangtuan nyusun tulisan pedaran teh aya sababaraha hiji nyaeta
A. nangtukeun jejer atawa tema
B. ngumpulkeun bahan
C. perhatikeun basana
D. nyusun rangkay karangan
E. bener sadaya
- Struktur / rangkay karangan pedaran aya bubuka, eusi jeung panutup. anu teu ka asup kana bubuka nyaeta
A. alesan milih jejer
B. pentingna jejer
C. saran
D. tujuan jeung gunana
E. watesan jejer
- Wacana nu eusina ngajentrekeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nyaeta
A. eksposisi
B. deskripsi
C. narasi
D. argumentasi
E. puisi
- Kagiatan nu sok dilakukeun disalah sahiji kampung adat disebut
A. ritual
B. tradisi
C. adat
D. kasenian
E. pintonan
- Bahasan tradisi sunda medarkeun unak-anik tradisi di hiji masyarakat nu biasana kayaning ku kagiatan dihandap ieu, iwal
A. karusuhan

- B. kagiatan adat istiadat
C. Ritual budaya
D. pakasaban
E. atikan
12. Balik ti saung si Cepot ngobrol sapanjang jalan sabari tatajong. Kecap nu di cetak miring kaasup kecap....
A. Dwilingga
B. Trilingga
C. Dwipurwa
D. Dwireka
E. Dwisasana
13. Carita anu sok dilalakonkeun dina pagelaran wayang disebut....
A. Wawancara
B. Hikayat
C. Carita pantun
D. Dongeng
E. Carita wayang
14. Di handap ieu nu teu kaasup kana kulawarga Semar dina carita wayang sunda, nyaeta....
A. Cepot
B. Dewala
C. Gareng
D. Togog
E. Nyi Sutiragen
15. Tujuan diayakeunana tradisi Sérén Taun téh nyaéta pikeun
A. ngamulyakeun karuhun
B. nyalametkeun utun inji sangkan lahiranana lancar
C. nulung ka nu butuh nalang ka nu susah
D. sukuran ka nu Maha Kawasa kana hasil panén
E. tulak bala atawa ngajauhkeun panyakit
16. Kagiatan medar hiji pasualan, dumasar kana fakta fakta nu kapanggih, boh tina panalungtikan atawa tina pangalaman sorangan disebut
- A. pedaran
B. wawasan
C. ringkasan
D. ulasan
E. pemahaman
17. “Punten dupi Bapa téh saha?”. Kecap anu luyu jeung undak usuk basa pikeun ngalengkepan kalimah tadi nyaéta
- A. ngaran
B. jenengan
C. wasta
D. salira
E. nami
18. “Hariring nu Kungsi Nyanding” Nyanding hartina
- A. Hareupeun
B. Tukangeun
C. Gigireun
D. Pasisi
E. Luhureun
19. “Di mana bumi dipijak, di situ langit dijunjung”, Éta paribasa Indonésia miboga sasaruana ma’na jeung paribasa Sunda
- A. Agul ku payung butut
B. Pindah cai pindah tampian
C. Gede hulu
D. Goreng milik
E. panjang tikoro
20. Medar ngeunaan anak anik tradisi di hiji masarakat sunda (kagiatan adat istiadat, ritual budaya, atikan, pakasaban, tatanen jeung rea rea deui, nyaeta
- A. aturan tradisi sunda
B. pedaran tradisi sunda
C. wawasan tradisi sunda
D. etikatradisiusunda
E. tatakrama tradisi sunda
21. Ari biantara téh naon...
- A. Nepikeun omongan anu alus euntep seureuhna diharepeun balarea
B. Cara manusa ngayakeun komunikasi jeung nu lian
C. Carita anu teu asup akal jeung teu kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian- kajadian jaman baheula
D. Nepikeun omongan anu teu alus euntep seureuhna diharepeun balarea
E. Nepikeun omongan anu alus euntep seureuhna diharepeun kelas
22. “ cara manusa ngayakeun komunikasi jeung nu lian” mangrupikeun harti tina...
- A. Narjamahkeun
B. Biantara
C. Teteleponan
D. Ngadongeng
E. Paguneman
23. Naon anu dimaksud dongeng téh...
- A. Carita anu teu asup ku akal jeung teu kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian-kajadian jaman kiwari
B. Carita anu teu asup ku akal jeung teu kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian-kajadian jaman baheula
C. Carita anu asup ku akal jeung teu kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian- kajadian jaman ayeuna
D. Carita anu asup ku akal jeung teu kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian- kajadian jaman baheula
E. Carita anu teu asup ku akal jeung kajadian, biasana osok nyaritakeun kajadian- kajadian jaman baheula
24. Dinten ieu téh kalintang bagjana kanggo simkuring sadayana. Oge janten dinten anu kalintang pikaseudiheunnana. Bagja wireh sim kuring sadaya tiasa lulus, sedih da apan sim kuring sadaya kedah ngarantunkeun ieu sakola, oge ngantunkeun ibu sinareng bapak jst.
- A. Eusi
B. Salam
C. Bubuka
D. Panutup
E. Panengah
25. Ti dinya tukang angon tuluy balik ka lemburna. Sajajalan teu weléh imut sura-seuri sorangan bari mikiran rék ménta naon. Ceuk gerentes haténa, “Kahiji aing rék ménta beunghar. Kadua rék ménta

- jadi raja. Lantaran beunghar ogé ari teu agung mah tara dihargaan. Katiluna aing rék ménta loba anak, sangkan bisa nuluykeun raja jeung kabeungharan ana.” Anu di garis hanapan ka asup kana unsur carita naon...
- Amanat
 - Latar
 - Palaku
 - Galur
 - Tema
26. Cara biantara ku nyiapkeun pokok-pokok materi anu bade didugikeun...
- Teknik impromptu
 - Teknik naskah
 - Teknik ekstemporan
 - Teknik ngapalkeun
 - teknik jitu
27. Dongeng anu nyaritakeun makhluk ciptaan (khayalan) bangsaning jurig jeung siluman. Disebut...
- Dongeng mite/mitos
 - Dongeng fabel
 - Dongeng sasakala atawa legenda
 - Dongeng parabel
 - Dongeng pamuk (kagagahan/kasaktian)
28. Jalan carita atawa runtuyan carita anu campuran kadang maju kadang aya munduran disebut...
- Galur maju jeung munur
 - Galur mabok tengah
 - Galur munur
 - Galur maju
 - Galur campuran
29. Undak-usuk basa sunda nyaeta ...
- aturan atawa tatakrama nyarita basa indonesia supaya merenah jeung ngeunah kanu ngadéngé
 - aturan atawa tatakrama nyarita basa Sunda supaya merenah jeung teu ngeunah kanu ngadéngé
 - aturan atawa tatakrama nyarita basa Sunda supaya merenah jeung ngeunah kanu ngadéngé
 - aturan atawa tatakrama nyarita basa Sunda supaya teu merenah jeung ngeunah kanu ngadéngé
 - aturan atawa tatakrama nyarita basa barat supaya merenah jeung ngeunah kanu ngadéngé
30. Anu dimaksud kasenian nyaeta ...
- hal anu dilakukeun tanpa sadar kuhiji jalma nalika aya inspirasi
 - hal nu endah
 - ungkapan rasa
 - ekspresi jiwa
 - bagean tina budaya jeung mangrupikeun sarana nu digunakeun pikeun ngaekspresikeun rasa kaendahan tina jiwa manusia
31. Kasenian anu pakakasna make halu jeung lisung nyaeta ...
- Gondang buhun
 - Angklung sered
 - Pencat silat
 - Wayang golek
 - Degung
32. disebut ogé Idiom, asalna tina bahasa Yunani Idios, anu ngandung harti “ khas, mandiri, khusus, pribadi”.
- cacandran
 - Pakeman Basa
 - Kila-kila
 - Paribasa
 - Babasan
33. Hiji omongan anu eusina mangrupa ramalan yén dina hiji waktu bakal aya kajadian boh nu pikagumbiraean boh nu pikasusaheun. Disebut...
- Cacandran
 - Kila-kila
 - Paribasa
 - Babasan
 - Uga Jenis
34. Lalaguan sunda bebas, anu henteu kauger atawa kaiket ku ugeran nyaeta...
- Tembang
 - Sisindiran
 - Kawih
 - Kakawihan
 - Pupuh Jenis
35. Gaya basa nyaeta...
- Rakitan basa (kalimah) anu dipake kujalan ngabandingkeun hiji barang jeung barang sejenna.
 - Rakitan basa (kalimah) anu dipake sangkan bisa nimbukeun pangaruh (efek) anu leleb karasana kanu maca atawa anu ngadengekeun,
 - Rakitan basa (kalimah) anu teu dipake sangkan bisa nimbukeun pangaruh (efek) anu leleb karasana kanu maca atawa anu ngadengekeun, kujalan ngabandingkeun hiji barang jeung barang sejenna.
 - Rakitan basa (kalimah) anu dipake sangkan bisa nimbukeun pangaruh (efek) anu leleb karasana kanu maca atawa anu ngadengekeun, kujalan ngabandingkeun hiji barang jeung barang sejenna.
 - Rakitan basa (kalimah) anu leleb karasana kanu maca atawa anu ngadengekeun,
36. Kalimah “dibumi abi mah teu gaduh uyah uyah acan”.
- Mangrupikeun contoh gaya basa naon...
- Gaya basa peupeuh lemes (ironi/nyindiran)
 - Gaya basa ngasor (litotes)
 - Gaya basa ngumpakeun (simile)
 - Gaya basa babandingan (metafora)
 - Gaya basa mijalma (personifikasi) Jenis Soal :Pilihan Ganda Jawaban Benar :B
37. Rumpaka kakawihan biasana sok dipake dina...
- Kariaan
 - Tatarucingan
 - Upacara
 - Kaulinan
 - Gelaran
38. Novel dina kasastraan sunda gelar leuwih ti heula di bandingkeun novel dina kasustraan indonesia nyaeta dina tahun...
- 1917
 - 1916

C. 1914

D. 1915

E. 1913

39. Novel nyaeta ...

A. Karangan fiksi anu ngagambarkeun kahirupan manusa sapopoe, jalan caritana loba bagian-bagianna, dina eusi caritana teu digambarkeun watek palakuna, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna

B. Karangan fiksi anu teu ngagambarkeun kahirupan manusa sapopoe, jalan caritana loba bagian-bagianna, dina eusi caritana digambarkeun watek palakuna, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna

C. Karangan fiksi anu ngagambarkeun kahirupan manusa sapopoe, jalan caritana loba bagian-bagianna, dina eusi caritana digambarkeun watek palakuna, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna

D. Karangan fiksi anu ngagambarkeun kahirupan manusa, jalan caritana loba bagian-bagianna, dina eusi caritana digambarkeun watek palakuna, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna

E. Karangan fiktif anu ngagambarkeun kahirupan manusa, jalan caritana loba bagian-bagianna, dina eusi caritana

digambarkeun watek palakuna, suasana, waktu, jeung tempat lumangsungna

40. Wawacan nyaeta ...

A. Karangan pondok lantaran suasana carita anu beda-beda tur ngagunakeun patokan pupuh

B. Karangan panjang lantaran suasana carita anu sarua tur ngagunakeun patokan pupuh

C. Karangan panjang lantaran suasana carita anu beda-beda tur ngagunakeun patokan pupuh

D. karangan panjang lantaran suasana carita anu beda-beda tur teu ngagunakeun patokan pupuh

E. karangan pondok lantaran suasana carita anu beda-beda tur ngagunakeun patokan pupuh

B. Jawablah pertanyaan berikut dengan singkat dan tepat!

41. Beluk nyaeta ...

42. Pagelaran wawacan salah sahijina pikeun kapentingan

43. Wawacan mangrupikeun hasil karya nu asalna ti....

44. Karya sastra wangun wawacan umumna ngabogaan unsur struktur maneuh. Nya eta...

45. Naon hartina kalimah pedaran....